


**NaMutungamiri  
Dieter F. Uchtdorf**  
Mutevedzeri weChipiri  
muHutungamiri Hwekutanga



# Kutsvaga Kristu paKirisimasi

**K**une vose vanoda kunzwisisa zvatiri senhengo dzeChechi yaJesu Kristu yaVatendi vaMazuva Ekupedzisira, ndinoda kupa nzvimbo yekutangira inotsanangurwa nemazwi matatu aya: Tino tsvaga Kristu.

Tinotsvaga kudzidza neZvake. KuMutevera. Kuva zvakanyanya saIye.

Zuva rega rega nemugore rose, tinoMutsvaga. Asi kunyanya panguva ino yegore—yeKirisimasi, apo patinopemberera kuzvarwa kweMuponesi wedu anodiwa—mwoyo yedu inova yakanyanya kurerekerwa kwaAri.

Sechikamu chegadziriro dzedu dzekupemberera Kirisimasi, tinofanira kufunga magadziriro akaita avo vaira-rama zviuru zviriri zvevakore zvakapfuura kugamuchira kusvika kweMuponesi.

## Vafudzi

Hatizive zvakawanda pamusoro pezvevafudzi ava, asi chete kuti “vaigara kuhuragu vachirinda mapoka avo usiku.”<sup>1</sup> Vafudzi vangangova vaiva vanhuwo zvavo, sezvakaita vanhu vazhinji vakanaka vanopedza mazuva avo vachishandira kurarama.

Vanogona kumiririra vanhu avo, pane imwe nguva, vaine vasiri kuita zvekutsvaga Kristu, asi mwoyo yavo yakashanduka apo matenga paakazaruka uye Kristu akaziviswa kwavari.

Uye ava ndivo avo, mushure mekunzwa izwi revatumwa vekudenga, pakarepo vakabva vaenda kuBetrehema vachida kunoono.<sup>2</sup>

## Vachenjeri

Vachenjeri vaive vanhu vakadzidza vakange vachinzvera nezvekusvika kwaMesia, Mwanakomana waMwari. Kuburikidza nekudzidza kwavo, vakaona zvitardizo zvairatidza kuzvarwa Kwake. Apo pavakazviona, vakasiya dzimba dzavo uye vakaenda kuJerusarema, vachibvunza, “Aripiko Mambo wavaJudha akazvarwa?”<sup>3</sup>

Ruziwo rwavo nezvaKristu harwuna kuramba rwuchingovachete rwedzidzo yemabhuku. Apo pavakaona zviratidzo zvekuzvarwa Kwake, vakaita chimwe chinhu. Vakatangira rwendo rwavo rwokunotsvaga Kristu.

VaChenjeri vanogona kumiririra avo vanotsvaga Kristu kuburikidza nokudzidza uye nekunzvera fundo yemabhuku. Kuzvipira kwavo kuchokwadi kunopedzisira kwavatumgamirira kuti vawane Kristu uye vaMunamate saMambo wemadzimambo, Mununuri wevanhu.<sup>4</sup>

## Simioni naAna

Simioni naAna vanogona kumiririra avo vanotsvaga Kristu kuburikidza noMweya. Iyi mweya yakanaka chaizvo vaive yakazvipira zvikuru muchitendero uye, kuburikidza nokutsanya nokunamata uye nekurarama hupenyu

hwekuzvipira nekuteerera, yakamirira netarisiro huru kuona zuva rekuuya kweMwanakomana waMwari.

Kuburikidza nekutendeka, nekuninipa, uye nerutendo, vakatarisira nemwoyo murefu kuuya kweMuponesi.

Pekupedzisira, kutendeka kwavo kwakawana mubairo apo Maria naJosefa pavakaisa pamberi pavo mwana uyo nerimwe zuva aizotakura paAri Iye zvivi zvevanhu vose.<sup>5</sup>

### Vatendi pakati pemaNifai nemaRamani

Nyaya inobata mwoyo zvikuru yemataririro akaita vate-ndi vemuNyika Itsva kuzviratidzo zvekuzvarwa kweMuponesi inowanikwa muBhuku raMormoni.

Munorangarira kuti avo vaive nerutendo muna Kristu vainyombwa uye vachitambudzwa. Vanhu vainge vaine ruzivo neungwaru hwemunyika vemazuva iwayo vaipomera mhosva kuvatendi yekuramba vachitsigira zvitendero zvisina maturo. Chokwadi ndechekuti, avo vainge vasingatendi vaive vachitaura zvakanyanya mukunyomba kwavo zvekuti vakaita “zhowe-zhowe huru” munyika (3 Nifai 1:7). Vainyomba avo waitenda kuti Muonesi aizozvarwa.

Kutsamwa uye kushatirirwa kwavo kwakakura zvikuru zvokuti vakazadzwa nekuda kuuraya avo waitenda mumu-Muponesi. Bhuku raMormoni rinorondedzera mugumisiro unoshamisa.<sup>6</sup>

Vatendi vairarama panguva iyoyi vanogona kumirira avo vanotsvaga Kristu kunyange vamwe vachiseka, vachinyomba nekutuka. Vanotsvaga Kristu kunyange vamwe vachivaona sevanhu vasina kudzidza, vasina ruzivo noungwaru rwezvenyika kana vanonyengedzwa nyore nyore.

Asi ruvengo rwevamwe haruwodze mwoyo yavatendi vechokwadi kubva mukutsvaga Kristu.

### Tinotsvaga Kristu

Nemugore rose, uye zvichida kunyanya panguva ino yeKirisimasi, zvinozotibatsira kubvunza zvakare mubvunzo wekuti “Ndiri kutsvaga seiko Kristu?”

Panguva yainge yakaoma zvinhu chaizvo yeupenyu hwake, Mambo Davidi uyo aiva nemukurumbira akanyora kuti, “Mwari, imi muri Mwari wangu; ndichakutsvakai mangwanani; mweya wangu unenyota kwamuri, nyama yangu inokushuvai.”<sup>7</sup>

Zvichida maitiro aya ekutsvaga Mwari ndivo aive chimwe chezvikonzero zvekuti Davidi akatsanangurwa semurume aiva nemwoyo sewaMwari<sup>8</sup>

Panguva ino yeKirisimasi uye nemugore rose, ngatitsvagei nemwoyo nemweya yedu Muonesi wedu anodiwa, Jinda roRugare, Mutsvene waIsraeri. Nokuti chido ichi, muchikamu chikuru, chinotsanangura kwete chete zvatiri senhengo dzeChechi yaJesu Kristu yaVatendi vaMazuva Ekupedzisira asi kunyanyawo zvatiri chaizvo sevadzidzi vaKristu.

### ZVIMWE ZVINYORWA

- 1.Ruka 2:8.
- 2.Ona Ruka 2:15.
- 3.Ona Mateo 2:1–2.
- 4.Ona Mateo 2:11.
- 5.Ona Ruka 2:22–38.
- 6.Ona 3 Nifai 1.
- 7.Mapisarema 63:1.
- 8.Ona Mabasa aVaapostori 13:22 .

---

### KUDZIDZISA KUBVA MUSHOKO RINO

Tingagone sei kutsvaga Kristu zvirinani, nenzira inotaurwa naMutungamiri Uchtdorf? Ungangokwanisa kukurudzira avo vamunodzidzisa kuti vazvibunze kuti, “Ini ndirikutsvaga sei Kristu?” Funga kuvakoka kuti vatange kugoverana nzira idzo mumwe nemumwe wavo dzaari kushandisa kutsvaga Kristu panguva yavo yekunzvera magwaro matsvene semhuri zuva rega rega. Ungangogonawo kuona vhidhiyo yeKirisimasi pa *Mormon.org* neavo vaunodzidzisa uye wovakoka kuti vatore chinhano mumukana uyu wegore rega rega wekutsvaga Kristu nekutevera dzidziso Dzake.

## VANA

### Kutarisira Jesu

Vanhu vakawanda vakatarisira uye vakamirira kuti Jesu azvarwe. Iyevino tinotarisa uye nekuMumirira kuti auye zvekare! Tinokwanisa kuva vakagadzirira nekudzidza nezvaJesu nekumutevera. Unotevera sei Jesu? Tara nyenyedzi uye wonyora pfungwa dzako mukati.



Rutendo, Mhuri, Rubatsiro

# Kuva neChido cheKutakurirana Mitoro

*Nemunamato dzidza chinyorwa chino uye wotsvaga femero yekuziva izvo zvekudzidzisa. Kunzwisisa chinangwa cheChita cheRubatsiro kunozogadzirira sei vanasikana vaMwari kuwana maropafadzo ehupenyu husingaperi?*

“Takomberedzwa neavo vanoda nguva yedu, kuruziyo yedu, rutsigiro rwedu, runyaradzo rwedu, tsitsi dzedu,” vakadaro Mutungamiri Thomas S. Monson. “Tiri maoko aIshe pano panyika, tiine murairo wekushandira nekusimudza vana Vavo. Vanovimba neumwe neumwe wedu.”<sup>1</sup>

Mutungamiri Henry B. Eyring, Mutevedzeri Wekutanga muHutungamiri Hwekutanga, vakati: “Shanduro hombe yakatanga mumoyo mako apo pawakapinda muChechi. Wakaita chibvumirano, uye ukagamuchira vimbiso iyo yakatangisa kushandura maitiro ako chaiwo. . . .

“ . . . Wakavimbisa kuti uhabatsira Ishe kuti varerutse mitoro [yevamwe] uye vanyaradzwe. Wakapihwa simba rekubatsira kurerutsa mitoro iyoyo apo pawakagamuchira chipo cheMweya Mutsvene.”<sup>2</sup>

“Tinoda kushandisa chiedza chevhangeri kuti tione vamwe semaonerwe avanoitwa neMuponesi—netsitsi, tariro,

uye nerudo rwakadzama,” akadaro Jean B. Bingham, Mutungamiri Mukuru weChita cheRubatsiro. “Zuva richasvika apo patichava nekunzwisisa kuzere kwemoyo yevamwe uye tinozotenda nekupihwa kwedu nyasha — sekupa kwatinoita vamwe pfungwa uye mashoko erudo rwakadzama. . . .

“Sungiro nemukana wedu ndeye kugamuchira kunatsurudzwa mune *munhu wese* apo patinoedza nesimba rose kuti tive zvakanyanya seMuponesi.”<sup>3</sup>

Apo tinotakurirana mitoro uye tichichengeta zvibvumirano zvedu, tinoita kuti zvikwanisike kuti Jesu Kristu aporese vamwe. Gosa Jeffery R. Holland veChikwata cheVaapostori vane Gumi neVaviri vakadzidzisa kuti: “Tichitarisa makuriro asinganzwisisiki emutengo weKurovererwa paMuchinjikwa neRudzikinuro, ndinokuvimbisai kuti haAzotikanganwi iyezvino. Apo paanoti kune varombo mumweya, ‘Uyai kwandiri,’ Anoreva kuti

Anoziva nzira yekubuda nayo uye anoziva nzira yekumusoro. Anoziva nokuti Akaifamba. Anoziva nzira nokuti Iye *ndiye* nzira yacho.”<sup>4</sup>

## Zvimwe Zvinyorwa Zvitsvene

Mateo 25:40; VaGaratia 6:2; Mosaya 2:17; 18:8–9

### ZVIMWE ZVINYORWA

1. Thomas S. Monson, “Serve the Lord with Love,” *Liahona*, Kukadzi 2014, 4.
2. Henry B. Eyring, “The Comforter,” *Liahona*, Chivabvu 2015, 18.
3. Jean B. Bingham, “I Will Bring the Light of the Gospel into My Home,” *Liahona*, Mbudzi 2016, 6, 8.
4. Jeffrey R. Holland, “Broken Things to Mend,” *Liahona*, Chivabvu 2006, 71.

### Funga Izvi

Kubatsira kutakura mitoro yevamwe uye kuchengeta zvibvumirano zvedu kunovhura sei nzira yekuti Jesu Kristu aporese avo vane zvidikanwi?